



Tranbleman te an Ayiti: kout e long tem repons

14 dawout 2021 you tranbleman te manitid 7.2 pase nan vil okay ak rejyon sid Ayiti. Kay, ak gwo batiman kraze kite plis pase 2000 mo ak anpil moun blese san bezwen elemante yo e anpil chagrin.

Tranbleman a frape nan mitan gwo agitasyon politik ak sivil nan peyi a e nan sezon siklon nan karaib ki pote tanpet ak inondasyon nan mitan feb infratrikti ki genyen deja plis anko covid 19 la kontinye pwopaje nan mitan kominote yo.

Plis ke 6 ans, Write to Be ap travay nan sud peyi Ayiti pou sipote fanm ak tifi nan devlope indepanans e ajans pou ran yo ote pwop vi yo san krent. Aktielman nou gen 2 ayisyen ki fe pati manb ekip nou, Fara Jean Baptiste e Sagine Francois ki pote bon jan esperians nan edikasyon e devlopman kominote. Madam Fara ak Sagine se de moun kap viv okay ki ap jere pwogwam yo: Fi Ki Fo apre lekol otonomi pou tifi epi Fanm Ki Fo program sibvansyon ki sipote bezwen ijan e devlopman pesonel fanm. Fara, Sagine ak staf gesyon Etazini te travay ansanm pou devlope stateji pou ede nan tranbleman te. Write to Be angajel nan transparans ak bon jan responsabilite jan nou tande bezwen pep Ayisyen epi investi nan fe patenaria ak oganizasyon lokay ki verifye yo.

Kout tem priorite

1) Distribisyon ranfo materiel indispanasab. Pi gwo bezwen moun ki viktim pa tranbleman te yo eksprime se abri,manje, dlo potab ak rad. Anpil moun kay yo kraze e yap domi nan lari yo pe a koz replik yo.

Depi 2019 Write to Be gen bon jan patenaria ak Reconfort, you oganizasyon san pwofi nan Okay ki bay edikasyon, asistans mediKal, kay, pla cho ak rad pou 200 timoun nan Sid Ayiti. Reconfort se you institisyon ki kredib nan Okay avek plis ke 50 moun nan staf li. Depi tranbleman, anpil moun nan kominote avwazinant yo vinn chache nan Reconfort pwodwi esansyel yo. **Write to Be pral bay Reconfort \$1000 pou yo ranfose stok yo ak tant kom abri tanpore,manje, dlo potab epi rad pou distribye bay moun nan Okay.**

2) Bay fon (lajan) kach ijan a fanm e fanmy. Pwogram fanm ki fo bay sipo a bezwen ijan a fanm ki nan Sid peyi Ayiti epi pwofesyon akademik ak devlopman pesonel. Staf Write to Be mete aksan sou fon pou bezwen jeneral fanmy pou achte shelter (tant), manje, bon dlo pou bwe

epi rad. **Nan mwa kap vini yo Write to Be ap bay you sibvansyon o mwen \$100 a fanm e fanmy ki mande ed pout tant, manje, dlo ak rad.** Nap bay priorite a sibvansyon rezo nou a plis ke 100 fi ki fo nan pwogram Alumni, patene, ak pwofese kite travay ak Write to Be depi fondasyon e fanmy tifi ki nan pwogwam fi ki fo. Suivan rezo direk nou pral founi sibvansyon a fanm e tifi nan kominote ki pi gran yo spesyalman fanm ak tifi nan rejyon elwanye yo ki afekte pa tranbleman te a. pou nou distribye fon yo a moun ki nan bezwen yo, staf nou pral bezwen transpo nan zon Okay, pou sa Write to Be pral bay fre gaz siplemante pou voyaj nan zon ki afekte yo.

Priorite a lon tem

1) Patenarya ak oganizasyon lokal prensipal pou reparasyon ak konstriksyon kay. Tant ki bay yo se solisyon tanpore. Nan lot mwa ka vini yo, pral gen you bezwen inpotan pou reparasyon e rekonstriksyon kay fanmy yo nan Okay. **Apre sis(6) mwa pou rive en (1) an, Write to Be pral angaje l avek oganizasyon lokal ki gen kapasite ak ekspetiz pou restore bon jan infrastrukti ki fiab.** An plis, nap kontinye bay fanm ki fo yo sibvansyon pou sipote fanm yo pran bos mason lokay pou ranje kay yo. Nap priorize rezo nou de ansyen Fi Ki Fo pwogram patisipan, patene, pwofese ak fanmy ti fi yo ki nan pwogwam fi ki fo nan pou moman.

Youn nan kle inpotan nan pwogram fi ki fo se pou tifi yo anbrase rol aktiv ki pou fe inpak nan kominote yo. Nou anvisaje pou patisipan pwogram yo inplike yo nan rekonstriksyon kominote yo nan bon ja sekirite a nan fason ki apropiye ak laj yo.

2) Priorize bezwen emosyonel sosyal patisipan Fi Ki Fo pwogram yo. Fi Ki Fo pwogram angajel nan kreye rezo sipo, strikti pou dekouvri pwop tet yo ak ranfosman ki ap ekipe yo bon jan zouti pou yo ka ote san krent pwop vi yo. Nan mitan misyon sa nou kwe sante mantal esansyel pou byennet ak emansipasyon patisipan pwogram yo. Fe experians ak you dezaz natirel nan manitid sa, pote chagren apre yo kapab kreye tromatism, depresyon, kole kay jen moun. **Pandan sis mwa a in (1) an kap vini yo Write to Be pral ranfose aktivite pwogram li yo ki pral promote sante emosyonel sosyal. De Jou an jou operasyon yo ap reyalize. Nou pral angaje you psikolog pou bay individyel ak gwoup konsey pou patisipan pwogram yo.**

3) Angaje kominote U.S. nan diskisyon edikasyon o sije Ayiti anrasine kont rasis ak kont kolonialis. Write to Be vize poul you resous pou konstwi konesans o sije Ayiti ki rejte stereyotip negatif nwizib e rekonet tout kompleksite pwoblem yo an Ayiti. Tranbleman te a pote pwoblem sa yo sou you nouvo limye e pral ba nou opotinite pou sansibilize e amelyore relasyon ant Ayiti ak Eta zini. **Pandan sis (6) mwa kap vini yo Write to Be pral akeyi you konferansye vityel ki pral eksplere sije tankou kilti Ayisyen, istwa atrave lantiy feminis epi angaje avek Ayisyen e Ayisyen-Ameriken lide, savan epi ekspe.**

Ou Ka Ede

1) **Bay don a Write to Be.** Don ou a pral ede nou founi atik sa yo a moun ki afekte a tranbleman te a :

\$5- you aprovizyonman pou you semen ak bon dlo pou bwe .

www.writetobe.org | info@writetobe.org

\$10- Rad pou moun ki pedi tout bagay yo pandan tranbleman.

\$30- You ti tant pou 3-4 moun

\$50- You semen provizyon manje pou you moun.

\$60- You gwo tant pou 8 moun.

\$100- You sibvansyon pou you fanm ki fo kap genyen manje, dlo, rad epi youabri tanpore.

\$400- Manje, dlo, rad epiabri tanpore pou you fanmy 4 moun.

- 2) **Chanje resi (istwa yo rakonte) Ayiti:** Aprann de Ayiti lew abone ak jounal nou, suiv Write to be sou rezo sosyal, asiste evenman nou yo. Nou pral pataje resous ki pral pote atansyon sou kilti ayisyen, istwa, pep. Siw interese pou anplifye travay nou sou platform ou Write to Be kapab ekri atik, oganize evenman prive ak diskisyon, pale sou podkas e plis. Silvouple, kontakte nou siw vle patisipe nan diskisyon inpotan sa yo.

Instagram-@write-to-be

Facebook-@write2be

LinkedIn-@Write to Be